

UBALE RASA PANGRASA SAJRONE NOVEL ALUN SAMUDRA RASA

TINTINGANE: PSIKOLOGI SASTRA

DENING : ARDINI PANGASTUTI Bn

Dian Pratiwi Murti

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah FBS Universitas Negeri Surabaya (Dianpratiwimurti@gmail.com)

Bambang Purnomo

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah FBS Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Novel *Alun Samudra Rasa* anggitané Ardini Pangastuti Bn nyritakake para paraga sing ana ing sajrone novel ngalami problem kajiwan arupa rasa kuciwa. Ubale Rasa sing dialami dening para paraga amarga para paraga duweni problem kajiwan rasa kuciwa lan nengenake kapentingan pribadhine. Novel kasebut ditindingi migunakake teori Alfred Adler, amarga teorine Adler ngrembug ngenani individu lan weneh kawigaten luwih marang pawongan sing ringkih lan nduweni problem kajiwan.

Tujuwan panliten iki yaiku: 1) Ngandharake gegambarane rasa gelane paraga sajrone novel *Alun Samudra Rasa* anggitané Ardini Pangastuti, 2) Ngandharake kang njalari tuwuhe rasa gela sing dialami dening paraga sajrone novel *Alun Samudra Rasa* anggitané Ardini Pangastuti, 3) Ngandharake tuding crita ngenani problem kajiwané paraga sajrone novel *Alun Samudra Rasa* anggitané Ardini Pangastuti.

Manfaat panliten iki yaiku: Asile panliten iki arupa andharan babagan konflik batin sajrone keluwargane Intan lan Bregas kanthi migunakake teori Psikologi Sastra. Menawa panliten iki migunani tumrape mahasiswa jurusan Jawa utawa jurusan Basa liyane, utawa tumrap piwulangan babagan basa ing sekolah-sekolah. Panliten iki nduweni rong sipat, yaiku sipat teoritis lan praktis. Sipat teoritis ing panliten iki bisa menehi kawruh sing ana sesambungane karo panguripan saben dina. Dene sipat praktis kaperang dadi telu yaiku: (1) kanggo mangerteni paanguripan ing saben dina, (2) kanggo dhosen, asile panliten iki aweh pamrayoga lan kritik supaya luwih sampurna, (3) kanggo mahasiswa, bisa nambahi krenteg kanggo mahasiswa sing arep nindakake panliten bab sastra mligine bab psikologi sastra.

Asil panliten nuduhake: Adhedhasar problem kajiwan kang tuwuh sajrone Novel *Alun Samudra Rasa* sing dialami dening para paraga ana loro. Problem kapisan yaiku rasa kuciwa, amarga ngrembakakake sifat inferiorita. Paraga Intan, Bregas, Bu Surtana, Pak Surtana, Ines lan Pramudita padha-padha nduweni rasa kuciwa. Ubale Rasa kasebut tuwuh amarga duweni rasa kuciwa. Kabeh para paraga nduweni panemu yen paraga liya luwih elek tinimbang dheweke. Problem kaloro yaiku nengenake kapentingan pribadhi, amarga dheweke tansah nglakoni tumindak sing bisa gawe awake dhewe seneng senajan tumindak kuwi bisa nglarani atine liyan. Tumindak sing dilakoni kasebut kalebu *diri kreatif*, amarga dheweke bisa nggayuh apa sing dibutuhake lan dikarepake. Sing jalarai tuwuhe problem kajiwan sing dialami dening para paraga uga ana loro. Kapisan yaiku rasa kuciwa amarga rasa kuciwa diselingsuhi. Kaloro yaiku kurang pasrawungan, amarga Intan milih *gaya hidup* nutup uripe kanggo wong liya. *Gaya hidup* sing dipilih iku bisa nuwuhake problem kajiwan. Cara ngadhepi problem kajiwan sing dilakoni dening Intan ana loro. Kapisan yaiku ngadoh saka wong liya, pikiran, rasa pangrasa lan tindak-tanduk sing dilakoni Intan kasebut kalebu kapribadhen sing nyawiji, amarga dheweke ngrasa isin lan salah marang keluwargane. Kaloro yaiku Sumarah marang Gusti. Nalika dheweke ora duwe panggon kanggo nentremake uripe maneh, mung Gusti sing dadi tujuwane. Intan lan Pramudita duweni *minat sosial* sing sadurunge ora tau dilakoni, amarga sumarah marang gusti iku kalebu sumarah marang pendhereke Gusti. *Diri kreatif* sing diduweni dening Intan didadekake cekelan kanggo nggayuh kabagyané dheweke.

Tembung wigati: Ubale Rasa Pangrasane Para Paraga

PURWAKA

Novel kang irah-irahane *Alun Samudra Rasa* iki nduweni paraga kang digambarake nduweni masalah kajiwan. Masalah iki diwiwiti nalika paraga utama yaiku Intan Purnami omah-omah karo wong lanang pilihane. Nalika bale wismane mangguli masalah- masalah kang njalari kajiwané paraga utama Intan Purnami kobah-kobah. Sak suwene iki kerep tukar padu karo sisihane. Gegambarane konflik ing keluwargane paraga Intan

Purnami lan Bregas Jatmika dadi punjering carita. Kekarone wis diparingi putra-putri kang isih cilik, Sekar Melur, ewa semana pagaweane wong sesomahan mau dhewe-dhewe, mula komunikasi dadi kurang harmonis. Kacaritané Intan Purnami dadi wong kapercayane Mr. Tanaka, pimpinan perusahaan panggonane nyambut gawe saka perusahaan kaya mobil mewah kang dadi gawane saben dina.

Kahanan kaya mangkono sing ndadekake Bregas Jatmiko sujana lan cubriya marang Intan. Pungkasane Intan Purnami purik bali menyang omahe wong tuwane. Wong tuwane Intan Purnami kekarone uga emosi nampa pasambate Intan kang ngrasa gela dening Bregas, bojone. Kabeneran ndilalah ing satengahing rasa kontrang-kantringe Intan cubriya lan, dheweke ketemu karo tilas pacangane, Pramudita kang biyen banget ditresnani. Patemon kuwi mesthi wae dadi tamba lara atine Intan marang Bregas kang dianggep *paranoid* (kegedhen rasa wedi, kuwatir, utawa sumelang).

Ing kene kacarita Intan Purnami mau dilarani dening Bregas mantan garwane amarga di arani yen Intan tumindak sedheng karo bos'e yaiku Mr. Tanaka,kejaba iku Intan kudu mungkasi bale somahe karo Bregas sing dianggep ora isa di slametake maneh . Bregas sing dadi wong lanang ora bisa nampa yen Intan ora gelem jujur marang dheweke. Dheweke uga ngrumangsa yen Intan njupuk kaputusan sakkarepe dhewe, tanpa ngajak rundingan sing lanang. Konflik batin sing dirasakake dening Intan Purnami mrembet marang keluwargane Pramudita, bojone banget anggone cemburu lan pungkasane nganti wani nglabrak menyang papan pegaweane Intan Purnami kang mentas wae didegake bebarengan karo Pramudita. Ora cukup tekan semono, pikirane Intan Purnami saya ruwet, amarga ujug-ujug Bregas uga teka menyang papan pegaweane saperlu ngundhat-undhat konflik kawuri lan nakokake maneh hak asuh anake, Sekar Melur.

Bab- bab mangkono mau njalari novel iki wigati banget kanggo diteliti. Biasa kawaos yen novel *Alun Samudra Rasa* iki njlentrehake panguripan saben dina sing ana ing kaluwarga. Kejaba iku novel iki uga nggambarake gegambarane panguripan sing kudu dilakoni lan ora kudu dilakoni dening pamaca. Sing banget narik kawigatenan saka novel iki sesambungan karo aspek kajiwane para paragane. Kajiwane paraga sajrone novel ASR sabanjure bakal dititinggi nggunakake teori Psikologi Sastra mligine teori Individual Alfred Adler. Panjenengane ning kene merang dadi wolung reroncen penting kang mbangun kajiwane manungsa. Faktor kasebut yaiku sing kapisan *superiorita*,kapindho pengamatan *subyektif*, katelu *unity* kapribaden, kapapat minat sosial, kalima gaya hidup,kaenem kekuwatan *kreatif self*, kapitu pangrembaka abnormal sing isine konflik batine paraga utama lan sing kawolu nengenake pengamanan sing isine ubale rasa gela, lan nyalahna awake dhewe. Wolung reroncen mau yen ora bisa digatukake kanthi laras bakal nuwuhake problem kapribaden utawa problem kajiwan. Sajroning novel iki sing paling onjo yaiku

ngenani rasa gela. Mula kuwi sabanjure bakal diandharake rasa gelane paraga nggunakake teori Individual Alfred Adler.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tinting an kapustakan kang bakal kaleksanan sejatine kawedhar minangka wangsul an teoritik tumrap prakara kang wis ditemokake. Tinting an kapustakan iki bakal njlentrehake bab panliten sadurunge kang saemper. Saliyane iku uga diandharake ngenani lelandhesaning teori kang laras karo karo underaning panliten.

2.1 Panliten kang Saemper

Kanthe saiki panliten ngenani karya sastra kang wujud prosa utawa puisi wus akeh ditindakake. Panliten- panliten kasebut migunakake tintingan kang beda- beda. Sadurunge panliten iki ditindakake, uwis ana saperangan panliti kang nлити bab sing nduweni perangan saemper karo panliten kang bakal ditindakake ing kene. Panliten sastra kang migunakake tintingan psikologi sastra kang saemper utamane mahasiswa ing Fakultas Bahasa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya panliten kasebut kayata panlitene:

- 1) Uchti Wahyu Setyaningrum (2008) kanthi judhul *Problem Batin Tokoh Utama Wanita dalam Tiga Novel Karya Agnes Jessica (Psikologi Sastra)*, ngandharake problem batin paraga utama wanita remaja sajrone telung novel anggitan Agnes Jessica sing disebabake dening paraga sing ora nduweni daya tumrap wong tuwane, rasa ragu marang wong lanang, rasa salah lan getun, bale somah sing ora harmonis, rasa pegel marang wong lanang, sikap dewasa paraga utama anggone ngadhepi masalah, rasa pegel sing dadi trisna, paraga utama sing tansah diiina, lan gayutan masalahe wong liya tumrap paraga utama.
- 2) Vivi Nur Faidah (2010) jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia kanthi judhul *Kepribadhen Tokoh Bayek dalam novel- novel Karya Iwan Setyawan (Psikoanalisis Alfred Adler)*. Ngandharake kapribadhen Bayek saka segi Individualitas, Finalisme Semu, Dorongan, Konsep Rendah Diri lan Kompensasi, Gaya Hidup lan Diri Kreatif.
- 3) Rahmawati Tanjung (2011) jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia kanthi judhul *Problem Batin Tokoh Utama (Jarot) dalam Novel Hubbu karya Mahuri (Psikologi Sastra)* Ngandharake problem batin Jarot ngliputi rasa ragu ing tembe, rasa salah lan getun..

Patang panliten sing wis diandharake ing ndhuwur ana bab sing padha lan beda karo panliten ing kene. Bab sing padha yaiku padha-padha migunakake teori psikologi sastra lan nлити

ngenani paraga utama sajrone karya sastra. Dene bab sing beda yaiku teori sing digunakake kanggo ngandharake panliten ngenani karya sastra kasebut.

Saka panliten sadurunge, tuwuh kawigaten kanggo nлити reiptan sastra tartamtu kanthi migunakake tintingan kang sairing. Ing kene bakal ngandharake problem kang dialami dening paraga utama ngenani problem marang kulawarga lan gustine sarta cara mungkasi prakara kang dialami kanthi digayutake karo teori psikologi, mligine teori psikologi individual Alfred Adler.

2.2 Aspek Kajiwan Sajrone Sastra

Sastra sawijine gambaran saka panguripan manungsa kanthi wujud pengalaman lan pangertene pangripta, lan sabanjure diwujudake sajrone karya-karya sastra kanthi migunakake basa minangka pirantine. Endraswara (2003:97) nduweni pamawas yen karya sastra ora tau uwal saka panguripan kang nggunakake maneka warna rerencen kapribadene manungsa. Sastra nduweni gegayutan karo kapribaden paraga paragane, nanging kapribadene pamaos, utawa pangripta nalika ngripta karyane uga bisa didadekake panliten.

Karya sastra nyritakake kang ana gayutane karo manungsa lan kamanungsan. Endraswara (2003: 96) ngandharake menawa karya sastra mujudake asile sawijine kajiwan lan pamikire pangripta kang ana ing kahanan setengah sadhar (subcosinus). Nalika ana ing alam pikir setengah sadhar banjur diwujudake ing kahanan sadhar, lan karya sastra ora bisa owah saka psikologi.

2.3 Psikologi Sastra

Psikologi sastra yaiku tintingan sastra kang mawas karya sastra minangka aktivitas jiwa (Endraswara, 2011:96). Karya sastra rinipta dening pengarang, amarga nalika kuwi pengarang ana ing kahanan satengah sadhar banjur saka angen-angene mau mujudake ing bentuk tartamtu sacara sadhar. Sajroning ngripta karya sastra, pengarangan ngalami rong trap- trapan. Kapisan yaiku nalika ngramu gagasan imajinatif lan abstrak. Proses sabanjure, gagasan mau banjur ditulis dadi karya sastra kang asipat agawe gagasan sadurunge mau nyata.

Ancas saka psikologi sastra yaiku mangerteni problem kajiwan sing kinandhut sajroning karya sastra (Ratna, 2013: 345). Bab kasebut ana gandheng cenenge karo unsur- unsur jiwane para paraga fiksional kang ana sajroning karya. Pangripta kudu mangerteni sakabehe gejala kajiwane manungsa banjur diolah sajrone tulisan lan ngandharake kajiwane uga (Endraswara, 2008:96). Pamawas iki padha karo pamawas sadurunge kang uga

ngandharake psikologi sastra. Pranyata psikologi sastra ana sesambungane karo pangripta, pengarang lan karya sastra iku dhewe. Pangripta kudu bisa mangerteni sakabehe problem kajiwane manungsa supaya bisa nulis lan ngripta karya sastra kang isine yaiku ngandharake unsur psikologi sastra.

1) Pangamatan Subyektif (Subjective Receptions)

Pandangan Subyektif sing utama yaiku tujuwan dadi *superiorita* utawa tujuwan dadi sukses, tujuwan diciptakake ing wiwitan panguripan, sing mung dipahami kanthi kabur/ setengah (Alwisol, 2011:67). Tujuwan dadi sukses yaiku mbimbing panguripane manungsa, mbentuk kapribaden dadi *kesatuan*, lan bisa weneh tujuwan marang sakabehe tindak- tanduk. Tujuwan kasebut tuwuh saka pribadine manungsa kanthi subyektif ing kene lan wektu saiki, minangka pikiran sing duwedaya pangaribawa marang tindak- tanduk.

Miturut Adler (Suryabrata, 2003: 186) sajrone manungsa iku ana rong warna bab, sing nyengkuyung sarta sing jalari tuwuh sakabehe tindak- tanduk, yaiku:

- a) Panyengkuyung kemasyarakatan sing nyengkuyung manungsa tumindak ngabdi marang masyarakat. Panyengkuyung kemasyarakatan iku wis ana nalika manungsa lair, sing satemene manungsa iku makhluk sosial.
- b) Panyengkuyung marang awake dhewe, sing nyengkuyung manungsa tumindak ngabdi marang awake dhewe.

2) Kapribaden sing Nyawiji

Psikologi individu nengenake *unitas* (kesatuan) kapribaden. Pikiran, rasa pangrasa, lan kagiyatan sakabehe diarahake marang tujuwan tunggal lan nggayuh siji tujuwan. *Uniti* kapribaden dudu mung nyawijine kajiwan kayata *motivasi*, rasa pangrasa, lan pikiran, nanging *uniti* uga sakabehane bagian- bagian awak. Problem fisik, tuladhane awak sing ringkih sawijing organ dudu prastawa sing pisah, nanging awak sing ringkih iku ngandharake ngenani tujuwan individu, sing dening Adler dijenengake logat organ (organ dialect) utawa basa organ (organ jargon).

Kapribaden sing nyawiji uga ana antarane rasa sandhar lan ora sadhar. Miturut Adler tindak- tanduk ora sadhar yaiku bagian saka tujuwan final sing durung dimangerteni kanthi cetha. Rasa sadhar yaiku apa wae sing dipahami lan diterima

individu bisa ngrewangi ngupaya nggayuh kasuksesan.

3) Minat Sosial (Social Interest)

Minat sosial yaiku ngandhut makna sawijining rasa nyawiji karo kamanungsan, dadi anggota sak sawijining panguripan sosial. Pawongan sing nduweni rasa nyawiji ngrembaka kanthi apik, ngupaya sukses dudu mung kanggo awake dhewe ananging kanggo kasampurnan sakabehe pawongan sajrone masyarakat. Mula, rasa sosial yaiku sikap nyawiji marang sawijing pawongan. Wujude kerjasama karo wong liya kanthi ngrembakakake rasa sosial kanggo kapentingan pribadi.

4) Gaya Hidup (Style of Life)

Kanthi konsep *gaya hidup*, Adler ngandharake kaunikan manungsa. Sawijining manungsa nduweni tujuwan, nduweni rasa inferior, ngupaya dadi superior, ana sing bisa nggayuh lan ora usahane supaya maju kanthi minat sosial. Nanging sawijining pawongan nglakoni kanthi *gaya hidup* sing maneka warna. *Gaya hidup* yaiku cara sing unik sawijining manungsa sajrone ngupaya nggayuh tujuwan khusus sing wis ditemtokake pawongan iku sajrone sawijining panguripan.

Jumlah *gaya hidup* padha karo jumlah akehe wong, ing donya. *Gaya hidup* wis kabentuk ing umur 4-5 taun. *Gaya hidup* iku ora mung ditemtokake dening kemampuan instrinsik lan lingkungan obyektif, nanging dibentuk dening anak marang panemune.

Gaya hidup ora gampang ganti. *Ekspresi* nyata saka *gaya hidup* isa ganti ananging dhasar gayane tetep padha, beda maneh yen pawongan sadhar kesalahane lan kanthi cara sengaja ngrubah arah sing dituju. Pangeling-eling pawongan nalika isih cilik, kerep bisa ngungkap asal - muasal *gaya hidupe*.

5) Kakuwatan Kreatif Self (Creative Power Of The Self)

Kekuwatan kreatif yaiku kakuwatan sing nentokake perilaku, sing ngobahake panguripan. Sifate padu, konsisten, nduweni daya pangaribawa sajrone struktur kapribaden. Miturut Adler, keturunan weneh sawijining kemampuan, lan lingkungan weneh *impresi* utawa sawijining tumindak kesan. Dadi, *diri kreatif* yaiku sarana nyalurake sawijining kesan. Dadi, *diri kreatif* yaiku sarana nyalurake sawijining tumindak dadi kapribaden sing asifat *subyektif*, tansah ngrembaka, nyawiji *personal* lan unik. *Diri kreatif* weneh arti

marang panguripan, nyiptakake tujuwan lan sarana kanggo nggayuh kasampurnan.

6) Perkembangan Abnormal

Miturut Alwisol (75:2011) sakliyane *minat sosial* sing rendah, nyiptakake tujuwan sing kedhuwuren, migunakake *gaya hidup* sing kaku lan kudu trep karo aturan lan urip ing donyane dhewe nyebabake pawongan nduweni pangrembaka sing abnormal. Ana faktor- faktor sing nyebabake pawongan iku bisa abnormal, yaiku cacat fisik, ngalem, lan ora dianggep.

(1) Cacat Fisik

Pawongan sing bisa ngrembaka rasa rumangsa asor lan duweni cacat fisik nduweni daya pangaribawa gedhe kanggo nuwuhake pangrembaka abnormal. Bab kasebut ndadekake pawongan dadi ora nduweni rasa PD, ora nduweni rasa wani, lan mikir perasaane wong liya.

(2) Ngalem

Ngalem dadi panyebab utama *neurosis*. Anak sing tansah diuja nduweni *minat sosial* sing rendah. Dheweke tansah kepengin ngrasakake bab kasebut lan tansah kepengen wong liya weneh kawigaten marang dheweke sarta nuruti sakabehane pepenginane sing mentingake awake dhewe. Ciri-ciri liya iku gampang putus asa, rangu-rangu, gampang kesindir, ora sabar, lan gampang emosi.

(3) Ora Dianggep

Anak sing rumangsa ora ditresnani lan ora dipengini, bisa ngrembaka *gaya hidup* sing ora dianggep. Anak sing tansah dianggep salah lan disiksa ngrembakake *minat sosial* sing rendah. Dheweke mung nduwe sethithik rasa PD lan tansah ngembakakake kasusahan sing diadhepi. Dheweke ngarepake masyarakat ora nduweni kawigaten, amarga dheweke wis biasa ora digatekake.

7) Cara Ngadhepi Problem Rasa Gela

Sakabehe pawongan sing nandang neurotik ngripta cara ngadhepi problem tumrap dheweke. Psikologi individual nganalisis pawongan sing nandang neurotik wedi yen tujuwan supaya bisa dadi sampurna bakal dadi kesalahan, lan dheweke ora dianggep dening masyarakat. Kanggo ngilangi rasa isin akibat rumangsa asor seng gedhe, ana telung cara sing ditindakake, yaiku :

(1) Rasa Getun

Cara ngadhepi problem sing paling umum yaiku rasa getun. Pawongan neurotik, uga

pawongan normal, biasa migunakake rasa getun “Ya, nanging”, lan “ satemene yen”.

- a). “ Ya, nanging”, digunakake kanggo ngurangi bebaya rasa kinurmat sing diduweni bisa ceblok amarga nindakake bab sing beda karo wong liya.
- b). “Satemene yen”, digunakake kanggo nglindhungi rasa ringkih saka rasa kinurmat sing diduweni, lan ngapusi wong liya supaya percaya yen satemene luwih mampu saka kasunyatan sing ana ing wektu iku.

(2) Agresi ana telung warna, yaiku:

- a) Ngasorake
Tansah weneh pambiji ala marang prestasi sing diduweni wong liya lan weneh pambiji apik marang awake dhewe.
- b) Nyalahake Liyan
Tansah nyalahake wong liya tumrap kegagalan sing ditindakake dhewe, lan tansah golek cara balas dendham.
- c) Nyalahake awake dhewe
Ditandani dening nyiksa awake dhewe lan tansah duweni rasa salah lan dosa.

(3) Mundur

Ana patang jinis mundur, yaiku:

- a) Balik (moving backward)
Pawongan sing balik menyang pangrembakan sing sadurunge, sing ora nuwuhake rasa wedi.
- b) Meneng (standing still)
Nulak sakbehane tanggung jawab kanthi *narik diri* saka sakabehane ancaman rasa gagal.
- c) Rangu - rangu (hesitating)
Akeh pawongan sing rangu utawa bimbang nalika ngadhepi masalah sing angel. Ngulur wektu dadi cara sing trep kanthi cara ngguwak wektu, saengga masalah ora perlu diadhepi maneh.
- d) Mangun Pepalang (constructing obstacle)

Pawongan sing ngayal sawijining pepalang, lan kekasilan ngatasi setengah saka masalah iku wis kalebu nglindhungi awake.

Miturut Adler (Suryabrata, 2002: 117) Psikologi individual duweni arti penting minangka cara kanggo mangerteni kahanan padha- padha manungsa. Aliran iki ora mentingake rumusan - rumusan sing teliti, nanging luwih mentingake penyusunan praktis kanggo mangerteni pawongan

siji lan liyane. Aliran iki nduweni tujuwan- tujuwan sing susila, yaiku:

- (a) Kudu bisa mikul tanggung jawab.
- (b) Kudu bisa ngadhepi kasusahan panguripan.
- (c) Ora ngatonake keakuan lan ngrembakake kemasyarakatan.
- (d) Mangerteni apa sing ana ing awake lan ngilangake rasa *egois* sing dinduweni.

METODHE PANLITEN

Bab iki bakal ngandharake metode lan metodologi. Metode mujudake trap-trapan kang wigati sajrone panliten. Sawijining panliten ora bakal bisa kaleksanan kanthi apik, yen ora ana metode kang trep. Sajrone bab ngenani metodhe panliten iki bakal diandharake reng-rengan ngenani ancangan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, tata cara ngumpulake dhata panliten, tata cara nganalisis dhata lan tata cara panulis asile panliten.

3.1 Ancangan Panliten

Ancangan panliten mujudake rantaman kang menahi ancer-ancer ngenani panliten kang bakal ditindakake lan nerangake kaya ngapan lan kepriye sipate panliten kasebut. Saka anane ancangan panliten kang cocog, panliten kang bakal kelakon dikarepake bisa maksimal. Panliten ngenani problem kajiwan sajroning novel “ Alun Samudra Rasa” ing kene asipat kualitatif.

Watak kualitatif minangka metodhe sing manfaatake cara-cara penafsiran kanthi ngandharake ing bentuk deskripsi, kanthi titikan: (1) weneh kawigaten utama tumrap makna lan pesen, sing trep karo hakikat objek, yaiku minangka studi kultural, (2) luwih ngutamakake proses dibandhingake karo asil, (3) panliten asipat alamiah, (4) analisis dhata *cenderung* kanthi cara induktif (Ratna, 2013:47). *Pendekatan* sing digunakake sajrone panliten iki arupa psikologi sastra kanthi kajian psikologi individual Alfred Adler. Psikologi sastra yaiku analisis teks kanthi nenimbangake relevansi lan peranan studi psikologi.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku subjek panliten saka dhata kang ditemokake (Arikunto, 2006:129). Sumber dhata ing panliten iki ana loro, yaiku sumber dhata primer lan sekunder. Sumber dhata primer arupa novel kanthi irah-irahan *Alun Samudra Rasa* anggitané Ardini Pangastuti. Novel iki migunakake basa jawa modern lan wis kababar

dadi buku kang ana 343 kaca. Carita sajrone novel *Alun Samudra Rasa* iku kaperang dadi 31 perangan. Bab-bab sajrone novel kasebut diwenahi irih-irahan sing cetha, nanging mung mawa huruf yaiku huruf 1 nganthi 31.

Novel kang diterbitake kapapat dening Ardini ing sasi Mei 2015 iki nduweni sampul kang wernane kuning ana gambare wong wadon sing nggoceki dadane. Sajrone gambar ana tulisan *Alun Samudra Rasa* kang nuduhake irah-irahane novel kasebut lan tulisan Ardini Pangastuti Bn kang nuduhake pangripta sarta ana tulisan ing ngisor dhewe yaiku Surya Samudra minangka penerbite. Ing sampul mburi uga ana seratan ngenani sinopsis novel *Alun Samudra Rasa*. Sumber dhata sing kaping pindhho yaiku sekunder. Sumber dhata sekunder yaiku ngenani teori sing bakal digunakake yaiku teori psikologi individual Alfred Adler.

3.2.2 Dhata

Dhata sajrone panliten iki arupa teks crita kang awujud tembung, frase, lan ukara kang isine ngenani unsur problem batin (internal). Amarga ing novel *Alun Samudra Rasa* babagan kang paling onjo yaiku problem paraga utamane yaiku problem rumah tangga. Panliten iki bakal ngandharake wujud problem sawenehing prakara kang dialami paraga utamane sajrone novel *Alun Samudra Rasa* anggitan Ardini Pangastuti, sing jalari tuwuhe problem lan kepriye cara mungkasi problem kang dialami paraga utamane.

3.2.3 Instrumen

Instrumen panliten yaiku sakabehe alat kang digunakake dening panliti kanggo nglumpikake, nintingi sawijining perkara utawa kanggo nglumpukake, ngolah lan ngandharake dhata kanthi sistematis kanggo ngudhari perkara kang teliti. Mula kabeh piranti kang bisa nyengkuyung panliten bisa diarani instrumen panliten.

Instrumen panliten kang utama sajrone panliten novel *Alun Samudra Rasa* iku panliti ana piranti panyengkuyunge (1) kamera digital kanggo jupuk dhata ing buku, (2) hp kanggo njupuk gambar dhat ing buku, (3) buku cathetan lan pulpen kanggo sarana nyathet bab kang wigati nalika nggolek dhata ing perpustakaan, (4) laptop kanggo ngetik asiling dhata – dhata asile panliten.

3.3 Tata Cara Ngumpulake Dhata Panliten

Tehnik ngumpulake dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku tehnik maca, nyathet, lan riset kapustakan. Tehnik maca lan nyathet minangka tehnik kang digunakake kanggo ngasilake cara maca teks utawa literatur kang dadi sumber panliten, banjur menahi tandha-tandha ing novel *Alun Samudra Rasa* kang dianggep ana gayutane karo prakara kang bakal dirembug ing panliten.

Teknik pustaka minangka tehnik panglumpuking dhata kang katulis (kapustakan).

Ing panliten iki tata cara nglumpukake dhata yaiku kanthi cara ing ngisor iki:

(1) Teknik Maca Bola – Bali

Teknik maca bola- bali yaiku kanthi maca novel *Alun Samudra Rasa*, anggitan Ardini Pangastuti wiwit purwaka nganti rampung amrih bisa luwih cetha mangerteni gambaran isi novel.

(2) Menahi Garis Bawah

Sawise maca lan mangerteni isine novel *Alun Samudra Rasa*, banjur menahi garis bawah tumrap tembung, frase lan ukara kang nuduhake babagan problem batine paraga lan sakabehane kang ana gegayutane kaliyan punjere panliten.

(3) Klasifikasi Dhata

Tahap iki tujuwane milah-milah dhata kanthi njupuk dhata kang dibutuhake kanthi milah dhata kang trep karo punjere panliten. Dhatane arupa tembung, frase lan ukara kang gegayutan ngenani problem batine sajrone novel *Alun Samudra Rasa*. Dhata kang laras karo punjere panliten yaiku kepriye problem kang tuwuh lan dialami dening paraga utama sajrone novel kang bakal diteliti, apa sing njalari tuwuhe problem kasebut lan kepriye wujud pengamanan problem kasebut. Dhata kang ora laras karo punjere panliten ora digunakake.

3.4 Tata Cara Analisis Dhata

Panliten iki anggone nganalisis dhata migunakake analisis konten utawa analisis isi. Analisis isi yaiku sawijining analisis sing bisa digunakake kanthi teknik kuantitatif utawa kualitatif tumrap pesen – pesen migunakake metodhe ilmiah lan ora winates marang jinis – jinis *variabel* sing bisa diukur utawa konteks panganggone pesen- pesen diripta utawa diandharake (Emzir, 2012 : 283-284). Komponen penting sajrone analisis isi yaiku anane masalah sing bisa dirembug migunakake teori. Mula karya sastra sing bakal diteliti migunakake analisis isi kudu nduweni syarat yaiku karya sastra sing nduweni nilai- nilai utawa pesen sing cetha. Tugas analisis isi yaiku ngandharake aspek- aspek moral lan budi pekerti sing ana sajrone karya sastra kasebut (Endraswara, 2011 : 162). Panliten ing kene migunakake analisis isi tumrap paraga sing nduweni problem kajiwan.

Panliten anggone nganalisis dhata sajrone analisis isi kanthi migunakake kutipan- kutipan sing ngamot nilai kang dibutuhake yaiku anane problem kajiwan sing dialami dening paraga utama. Ancas saka analisis konten yaiku nggawe inferensi. Inferensi diasilake saka *identifikasi* lan *penafsiran*. Analisis isi kudu adhedhasar prinsip obyektivitas, sistematis, lan generalisasi. Obyektivitas kanthi

adhedhasar konteks karya sastra kanthi cara *menyeluruh* kanggo ngolehake inferensi.

Prosedur panliten analisis konten kudu trep karo syarat – syarat sing digunakake, syarat- syarat maua kayata : teks sastra perlu diproses kanthi sistematis, migunakake teori sing dirancang sadurunge, teks sastra kasebut digoleki unit- unit analisis lan dikelompokake kanthi trep karo acuan teori, proses analisis kudu bisa weneh sumbanagn pemahaman teori, proses analisis adhedhasar marang deskripsi analisis ditindakake kanthi kualitatif (Endaswara, 2011 : 162).

Sajroning analisis isi, analisis dhata kudu digayutake karo konteks lan kontruk analisis. Konteks gayutane karo hal – hal sing ana gayutane karo struktur sastra, dene konstruk arupa wangunan konsep analisis. Tata cara analisis data kasebut yaiku:

Tata cara analisis dhata kasebut yaiku :

- 1). Analisis dhata kasebut wis diwiwiti sarana pamilihan dhata
- 2). Klasifikasi dhata sing nuwuhake problem kajiwan ing paraga utamane kanthi tintingan psikologi kepribadian Alfred Adler, yaiku :
- 3). Analisis bab cara mungkasi problem kajiwan sing dialami dening paraga utama kanthi pengamanan sing trep karo teori Alfred Adler sajrone novel sing bakal dianalisis kasebut, yaiku rasa getun, menarik dhiri lan mangun pepalang.

3.5 Tata Cara Nulis Asile Panliten

Asil saka panliten ing kene dijlentrehake kanthi cara deskriptif naratif kang merang lan njlentrehake perangan- perangan kang ana ing undering panliten. Babagan kasebut mligine ngenani kapribadene paraga kang bisa njalari carita ing novel iku narik kawigaten marang pamaos. Anggone nulis lan njlentrehake kepriye trap- trapane pangrembakane kapribadene paraga, problem kang tuwuh lan cara mungkasi problem bakal ditambahi kanthi pethikan- pethikan kang sadurunge wus ditandhani sajrone sumber dhata.

Sajrone nulis asile panliten uga ana saperangan bab kang kudu digatekake. Prakara iki ditindakake supaya asile panliten bisa ditulis kanthi runtut lan ngasilake panliten kang bisa ditanggung jawabake. Sajrone panliten nggunakake basa Jawa modern supaya dhata iku uga nggawe basa Jawa modern.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

.1 Ubale Rasa sajrone Novel Alun Samudra Rasa

Sajrone bab iki kang bakal diandharake yaiku ubale rasa kang tuwuh sajrone novel *Alun Samudra Rasa* anggitane Ardini Pangastuti Bn. Andharan panliten iki sing bakal diandharake ubale rasa sing

dialamai paraga sajrone crita. Bab kasebut sing njalari yaiku amarga sajrone karya sastra iku sejatine minangka *kesatuan otonom*, ora bisa dipisahake antarane unsur siji lan liyane. Ubale Rasa sing dialami sajrone panliten iki ana loro, yaiku rasa kuciwa lan rasa nengenake kepentingan pribadhi.

4.1.1 Rasa Kuciwa

Rasa kuciwa utawa *sakit hati* nduweni rasa sing banget larane amarga wis dikhianati utawa rumangsa wis ora di tresnani maneh. Pawongan sing nduweni rasa kuciwa iku ngrumangsani yen dheweke iku wis ora ana guna kanggo wong sing ditresnani lan tumindak sakkarepe dhewe kanggo nyenengake awake. Pawongan sing kuciwa uga nduweni sipat nelangsa lan serba salah seneng ngadoh saka papan sing rame.

Bregas

Rasa kuciwa sajrone panliten novel *Alun Samudra Rasa* iki dialami dening Bregas. Dheweke tansah ngrumangsa kuciwa amarga bojone, Intan ora gelem blaka marang Bregas ngenani hubungane dheweke klawan boso yaiku Mr. Tanaka. Bregas ngrumangsani yen Intan ora gelem jujur marang dheweke. Kaya cuplikan ngenani gegambarane paraga kang digambarake ing ngisor iki:

Kocapa, Bregas sing bengi kuwi bali nggawa mobil kantor, kaget ngerti garasi omahe sing biasane kosong iku jebul ana isine. Wong lanang kuwi ora mung saderma kaget, nanging atine uga panas weruh Toyota Yaris sing isih gres kinyis- kinyis iku diparkir ing garasi.

“Kuwi mobile sapa?” pitakone ora sranta marang Intan sing methukake tekane.

“ Mobile Mister. Dheweke bali menyang negarane merga sawenehe urusan. Mobile dikongkon nggawa aku sajrone dheweke lunga.”

“ Ana sesambungan apa antarane kowe lan Mister kok nganti dheweke ngrilakake mobil pribadine kok gawa bali?” Bregas nyawang landhep marang sing wadon. (Ardini, 2015: 19-20)

Cuplikan ing mau nuduhake yen Bregas mujudake paraga sajrone Novel *Alun Samudra Rasa* sing lara ati amarga garwane ora gelem jujur marang dheweke. Bregas nduweni niatan yen kepengin nyenengake keluawrgane, ananging Intan malah mulih menyang omah nggawa mobile bos’e. Iku mau ndadekake Bregas panas ati lan mikir yen Intan ora gelem blaka marang dheweke.

Cuplikan iku bisa dimangerteni yen Bregas dadi wong lanang rumangsa ora dijak rembugan lan ora diregani dening Intan. Intan wis wani nggawa mulih mobile bos’e tanpa ijin utawa rundingan karo Bregas. Iki sing ndadekake Bregas

nuduh yen Intan nduweni sesambungan liya marang bos'e.

Rasa kuciwa kang dirasakake dening Bregas iku kalebu rasa kuciwa sing wis sepantese dirasakake Bregas. Dheweke rumangsa yen Intan ora gelem blaka ngenani apa sing dilakoni lan ditindakake. Intan njupuk keputusan saksenenge dhewe tanpa mangerteni yen Bregas iku cemburu lan rumangsa ora diregani dadi wong lanang.

Intan

Nalika Intan nyoba njelasake kedadeyan sing satemene marang Bregas, Bregas ora gelem ngrungokake Intan malah dheweke sansaya nuduh sing ora-ora marang Intan. Dheweke nyoba ngajak Bregas menyang kamar kepengen njelasake marang Intan, amarga ing ruang tamu ana Mona sing dadi pembantu ing kono. Intan ngrumangsa yen ora patut regejegan ing ruang tamu. Kaya cuplikan gegambarane paraga kang digambarake kanthi langsung ing ngisor iki:

"Yen njenengan kepengen ngerti, ana sesambungan apa antarane aku lan Mr. Tanaka, mengko yen wis teka kamar takjelasake. Iki ana ruwang tamu, ora prayogi yen dirungu pembantu yen awake dhewe regejegan ana kene. Intan nyoba nggandheng lengene sing lanang, nanging tangane langsung dikipatake dening Bregas.

Intan mundur sakjangkah. Mripate katon kumilat nyawang Bregas sing wis ndhisiki nggunggungahi tlundhakan tumuju kamare. (Ardini, 2015: 20)

Cuplikan mau njlentrehake yen Intan nyoba ngajak Bregas menyang kamar, amarga ngrumangsani yen regejegan ing ruwang tamu iku ora prayogi apa maneh ing kono ana pembantune yaiku Mona. Wektu Intan kepengen nggandheng lengene Bregas ananging karo Bregas tangane Intan langsung ditampik. Bregas langsung bablas munggah tlundhakan ndhisiki tumuju menyang kamare.

Andharan cuplikan mau nuduhake Intan ngrumangsa kuciwa amarga kepengen nggandheng Bregas menyang kamar tangane langsung ditampik. Bregas luwih milih munggah tlundhakan ndhisiki mlebu kamar. Senadjan satemene Intan kepengen nggandheng sing lanang supaya bisa diajak rembugan sing penak, ananging tangane Intan langsung ditampik dening Bregas. Intan amung bisa sabar lan melu nututi mlebu menyang kamar.

Rasa kuciwa sing dialami dening Intan gedhe banget. Rasa sing kaya mangkono iku mau wis akeh sing tau ngalami. Rasa iku mau coba di pendhem dening Intan. Arepa piye-piye Bregas isih bojone dheweke kudu sabar ngadhepi klakuane sing lanang.

Senadjan apa sing dilakoni sing lanang iku ora apik lan kurang pas.

Tangis sing wis diempet kawit mau pungkasane ambrol kaya bendungan jebol. Nanging Intan tetep wae ora wani nyuwara amarga wedi yen dirungu pembantune. Kaya cuplikan gegambarane kanthi langsung ing ngisor iki:

Sawise sing lanang metu saka kamar, Intan lagi wani ngutahake banyu mripat.

Tangis sing kawit mau diampet iku pungkasane ambrol kaya bendungan ambrol. Nanging tetep wae ora wani nyuwara. Wedi yen dirungu pembantu.

Saru! Dadine ing dhadha krasa mbeseseg amarga nahan rasa. Luwih-luwih nalika tangane ngrayangi pipine sing tilas kena tangane sing lanang, sing isih nyisihake rasa lara campur panas. Dheweke rumangsa dadi wanita kang paling apes sadonya. Wong tuwane ora tau mara tangan, lha kok saiki wong lanang sing dipasrahi uripe tega-tegane mara tangan.

Wis ngono isih diunek-unekake kanthi tetembungan kasar sing ora tau dirungu jroning lingkungan keluwargane, batine Intan ngrantes. (Ardini, 2015: 24)

Cuplikan mau ngandharake yen Intan langsung nguntahake rasa kuciwane nganthi ngutahake banyu mripate iku mau. Tangis sing kawit mau diampet akhire ambrol kaya bendungan sing ambrol. Ananging tetep wae ora wani nyuwari wedi yen dirungu dening pembantune. Dhadhane Intan krasa mbeseseg amarga nahan rasa lara lan ngrasakake rasa panas ing pipine. Intan uga ngrumangsani dadi wanita sing paling apes sadonya amarga seumur-umur dheweke digedhekake ing keluarga sing apik ora tau krungu tembung-tembung sing kasar apa maneh wong tuwane uga ora tau mara tangan marang Intan kaya sing dilakokake Bregas marang Intan kaya iku mau.

Andharan cuplikan mau nuduhake yen Intan tansah ngrasakake rasa kuciwa, lan nelangsa ngrasakake uripe sing kaya mangkono. Dheweke ngrumangsa nyesel amarga wong lanang sing dipasrahi uripe kok tega-tegane wani mara tangan lan muntapake tembung-tembung kasar marang dheweke. Kamangka wong tuwane Intan ora tau tumindak kaya mangkono marang Intan. Intan ngrumangsa ngenes ngrasakake panguripane sing sansaya ruwet lan sansaya nggawe uripe nelangsa.

Rasa kuciwa lan nyesele Intan amarga wis salah anggane milih wong lanang sing diajak omah-omah. Bregas sing wis dipasrahi Intan klawan wong tuwane Intan, ananging Bregas wis wani nggawe kuciwane atine Intan. Dheweke wis wani mara tangan marang sing wadon. Kamangka, wong

tuwane Intan ora tau tumindak sing sewiyah-wiyah kaya mangkono. Iku sing ndadekake Intan ngrasakake yen panguripan sing dilakoni sakiki sansaya ruwet lan sansaya nggawe uripe iku nelangsa. Nelangsane Intan amarga dheweke wis milih wong lanang lan wong lanang sing dipilih iku uga wani kasar lan mara tangan dheweke, iku sing dadi rasa nelangsa lan kuciwane Intan marang Bregas. Kudune sing lanang iku ngayomo lan nresnani marang dheweke, ora malah sewalike tumindak kasar lan sewiyah-wiyah kaya marang dheweke. Apa maneh kudune sing lanang uga luwih percaya marang omongane sing wadon, ora malah terus-terusan cubriya marang sing wadon. Semana uga Intan kudune uga sing blaka marang sing lanang, supaya sing lanang ora nduweni oamikiran sing ora-ora marang dheweke. Arepa kepriye-piyene Bregas pancen bojone, yen ana apa-apa wae kudu ngomong marang sing lanang.

Pak Surtana lan Bu Surtana

Intan kandha marang wong tuwane yen Bregas mau teka ana ing galeri tokone. Bu Surtana ibune Intan narik ambegan abot, rumangsa perih prihatin bareng krungu critane anake wadon. Bapake Intan pak Surtana uga mangsuli omongane Intan kanthi ngremet-ngremet tangane. Yen Bregas wani macem-macem ning Intan, mula bapake Intan ora bakal meneng. Kaya cuplikan ing ngisor iki:

"Bregas mau teka," kandhane Intan lirih. Dheweke banjur nyritakake sapatemone karo tilas bojone kuwi. Bu Surtana, ibune Intan narik ambegan abot, rumangsa perih prihatin bareng krungu critane anake wadon. Yen dheweke nganti wani macem-macem, mengko urusane karo aku,: ujare Pak Surana karo ngepelake tangan." (Ardini, 2015: 262)

Cuplikan mau ngandharake yen Intan kandha marang wong tuwane, menawa dheweke lagi wae ketemu karo Bregas. Bregas teka ing toko galerine, iku sing dikandhakake Intan menyang wong tuwane kanthi swara lirih. Mangerteni pangucapane anake Bu Surtana inune Intan ngrumangsa perih lan prihatin marang kahanan sing kudu diadhepi anake kuwi. Nanging bapake Intan Pak Surtana ora kalah perihe mangerteni kahanane anake iku mau. Pak Surtana sing biasane mung seneng, ning dina iku melu ngomong lan anggone ngomong kanthi ngremet-ngremet tangane. Tumindak sing dilakoni dening wong tuwane Intan iku amarga wong tuwane Intan kepengen yen anake ora digawe lara maneh karo mantan bojone. Rasa kuciwane wong tuwane Intan katon banget wengi iku. Apa maneh rasa kuciwane bapake Intan Pak Surtana.

Andharan mau nggambarake rasa kuciwane Bu Surtana lan Pak Surtana mangertenei kahanan sing kudu dilakoni anakke. Bregas sing kepengin diendhani dening Intan malah katon maneh ing sangarepe Intan. Iku sing ndadekake Intan krasa lara lan kuciwa maneh. Nanging bapake Intan ning kono ora mung meneng. Bapake Intan bakal tumindak kasar yen sewayah-wayah Bregas macem-macem marang Intan anake iku mau. Pak Surtana sing biasane mung meneng wae, saiki ora bisa meneng maneh yen mangerteni kahanane anake sing saya ruwet iki. Mula pak Surtana bakal mbelani Intan menawa Bregas wani macem-macem marang Intan.

Pamudita

Pram katon kuciwa marang tumindake sing wadon. Sing wadon ngajak regejegan ing ngarepe anake. Kamangka Pram ora seneng yen dheweke kudu ribut karo sing wadon. Nanging Ines ora perduli karo apa sing dikandakake sing lanang. Ines katon ngunek-ngunekake sing lanang kanthi sakpenake dhewe. kaya cuplikan ing ngisor iki:

"Ines dijaga lambemu. Ami durung turu!" Ujare Pram karo nyoba uwal saka ranggehan tangane Ines. Pram pancen ora paling seneng yen kudu ribut karo sing wadon. Aku ora perduli. Dhasar wong lanang bajingan," semprote Ines. Tangane wis ora njambaki rambute sing lanang. Ning ganthi ndhodhogi dhadhane. Didhodhog sakayange" (Ardini, 2015: 334)

Cuplikan ing kono ngandharake yen Pram ora seneng yen kudu regejegan karo sing wadon. Apa maneh anake Ami isih urung turu, Pram ora kepengen yen anake mangerteni wong tuwane lagi padha regejegan. Nanging Ines ora perduli karo apa sing dikandakake sing lanang marang dheweke. Ines sansaya ngunek-ngunekake Pram sakpenake dheweke. Nanging Pram mung meneng wae mangerteni yen bojone tumindak sing kaya ngono kuwi marang dheweke. Pancen wis dadi sikape Ines yen nesu karo Pramudita dheweke ngunek-ngunekake Pram lan tumindak kasar kaya sing ning cuplikan ing ndhuwur iku.

Andharan iku nggambarake wateke Ines sing kasar lan arogan. Pram pancen ora tau seneng karo klakuane sing wadon sing dirasa kasar banget iku. Nanging senajan Pram dikasari dening Ines, Pram uga mung meneng wae. Pram mangerteni yen sing wadon nesu iku wiwitane pancen kaya ngono nanging yen wis kesel Ines bakale meneng dhewe. rasa kuciwane Pram marang Ines satemene ya merga siji kuwi. Ines ora tau mangerteni papan lan panggonan, waktu lan kapan dheweke kudu ngunek-ngunekake sing lanang. Ora kaya sing

dilakoni saiki, dheweke ngajak Pram regejegan ning ngarepe anake, kamangka anake isih urung turu.

4.1.2 Nengenake Kapentingan Pribadhi (*Gaya Panguripan*)

Nengenake kepentingan pribadhi yaiku tansah nglakoni tumindak sing bisa gawe marem kanggo awake dhewe sarta ora mikir kahanane wong liya. Nengenake kapentingan pribadhi bisa uga diarani egois.

Sifat nengenake kepentingan pribadhi sajrone *Alun Samudra Rasa* iki dinduweni dening Intan Purnami. Dheweke uga wis nglakoni tumindak sing kudune ora dilakoni. Tumindak kasebut nggawe pawongan liya rumangsa kuciwa lan lara ati. Senadjan Intan Purnami mangerteni yen tumindake iku wis salah, dheweke tetep nglakoni tumindak iku mau. Intan Purnami tansah nglakoni tumindak nengenake kepentingan pribadhi, amarga kanthi mangkono dheweke rumangsa yen apa sing dilakokake iku gawe awake dhewe seneng.

Tumindak egois sing dilakoni Intan Purnami yaiku seneng marang Pramudhita sing dadi mantan pacangane. Tumindak egois iku mau ndadekake bale wismane Pramudhita lan Ines *diambang perceraian*. Kaya cuplikan gegambarane paraga kang kagambarake kanthi langsung ing ngisor iki:

Maturnuwun, mas. Tanpa njenengan mbokmenawa kabeh iki ora bakal kaleksanan lan wawujud," tumanggape Intan sing ngadeg ana sacedhake. Atine isih campur adhuk dening maneka rasa. Antarane rasa syukur, seneng uga ana rasa goreng sethithik. Goreng amarga dumadakan wae atine kroncalan dening perasaan sing angel dikandhakake. Luwih-luwih nalika mau sakeplasan dheweke mikirake tresnane kang tanpa juntrung kuwi. Senajan wis dicoba nakyinake marang atine, manawa tresna kuwi ora kudu nyawiji, ben wae kabeh mapan ana rile kuwi ora kudu nyawiji, ben wae kabeh mapan ana rile dhewe-dhewe, ning tetep wae atine goreng. Ana pepenginan kuwat kanggo cecaketan marang wong kang ditresnani iku. Pepenginan kuwi saya kuwat lan ngalahake nalar weninge. Alon Intan banjur nggeser sikile, nyawang priya ing cedhake kuwi. Lan....cup! Kanthi kilat Intan nibakake kecupan ing pipine priya iku. (Ardini, 2015: 212-213)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Intan iku egois lan menthingake awake dhewe tanpa menthingake awake wong liya. Intan wis mangerteni yen Pram nduweni garwa ananging dheweke tetep wani ngecup pipine Pram. Intan ora isa njaga rasa nafsune iku marang Pram. Intan ora

mikirake perasaane Ines bojone Pram umpama dheweke mangerteni tumindak sing dilakokake Intan marang Pram iku ora pantes lan ora perlu dilakoni.

Andharan cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Intan ora kuwawa nahan rasa sing wis kroncalan ing njero atine Intan amarga nyawang Pram wong lanang sing ditresnani wis mbiyantu dheweke ngedhekake art shop iku mau. Pungkasane Intan ngecup pipine Pram lan Pram kaget mangerteni tumindake Intan iku mau. Pungkasane Intan lan Pram kekarone padha rerangkaian bebarengan. Iku tumindak nengenake kapribadhen sing dilakoni dening Intan tanpa mikirake perasaane Ines bojone Pram.

KAPUSTAKAN

- Alwisol. 2011. *Psikologi Kepribadian*. Malang: UMM Press.
- Baron, Robert A, Donn Byrne. 2004. *Psikologi Sosial*. Jakarta: Erlangga.
- Chaplin, J.P. 2006. *Kamus Lengkap Psikologi*. diterjemahkan oleh Kartini Kartono. Jakarta: RajaGrafindo Persada.
- Danandjaja, James. 1984. *Filsafat Indonesia (Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain)*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Foklor Jawa. Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta : Penaku.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.